NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 2 Issue 2

# BASKETBOL OYININDA QAǴIYDALARǴA ÁMEL ETPEW HÁM JAZA BERIWDIN USILLARI

**Niyazova Olga Yurevna**
Berdaq Atindaǵi Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti.
Dene Mádeniyati Teoryasi Hám Metodikasi kafedrasi Dotcenti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.14902156

***Abstract.*** *Bilqastan etiletuǵın follardı tákirarlaǵan oyınshı oyında qatnasıw huqıqınan juda etiliwi múmkin. Ayıplıǵa jeke fol jazılıwı kerek.*

*Eger top atıw procesinde turǵan oyınshıǵa qarsı fol berilse, bul waqıtta top sebetke túspegen bolsa, top qay jerden sebetke taslanǵanlıǵına qaray, eki yamasa úsh járiyma tobın taslaw belgileniwi shárt.*

*Oyınshı tóreshi kórsetpelerin mensinbewi yamasa sportshılarǵa tán bolmaǵan taktika qollanıwı múmkin emes. Mısalı:*

*a) tóreshilerge tiyiw yamasa húrmetsizlershe múnásibette bolıw;*

*b) shaqsiyatqa tiyetuǵın qılıq yamasa ım-ishara-belgilerdi isletiw;*

*c) qarsılastı mısqallaw yamasa onıń kózi aldında qolın silkitip, maydandı jaqsı kóre alıwına irkinish beriw;*

***Tayanish sozleri:***

---

Qaǵıyda buzılıwı-bul qaǵıydalarǵa ámel etpewshilik bolıp tabıladı. Bunda qaǵıydanı buzǵan komanda tárepinen toptıń joǵatılıwı jaza bolıp esaplanadı.

Fol-bul qaǵıydalarǵa ámel etpeslik. Ol qaǵıydanı buzǵan oyınshı atına jazılatuǵın hám qaǵıydanıń elementleri shártlerine muwapıq múnásip dárejede jazalanatuǵın qarsılas penen jeke baylanıstı yamasa sportshılarǵa qarsı bolǵan qopal háreketlerdi óz ishine aladı.

Jeke follar ámelge asırılǵan waqıtta tóreshi ısqıradı hám bir waqttıń ózinde belgi (belgilerdiń 19-nomeri) arqalı saat toqtatılǵanın kórsetedi. Sonnan keyin ol qaǵıydanı buzǵan oyınshıǵa fol ámelge asırǵanlıǵı haqqında kórsetedi.

Qaǵıydanı buzǵan oyınshı, eger tóreshi bunı talap qılsa, qolın joqarıǵa kóterip, qaǵıydanı buzǵanlıǵın tán alıwı shárt. Sonnan keyin tóreshi xatker jaqsı kóre alatuǵın orınǵa ótip, ayıplı oyınshınıńıń nomerin, qaǵıyda buzılıwınıń ózgesheligin hám qanday jaza beriliwi kerekligin kórsetedi. Xatkerge fol málim bolıwı, dizimge jazılıwı hám fol kórsetkishler kóteriliwi menen tóreshiler óz orınların almastıradı. Tóreshiler bir oyındı dawam ettiredi. Ol toptı oyınshılardıń birine beredi. Bul oyınshı toptı qaptal sızıǵı yamasa en sızıǵı sırtınan oyınǵa kiritedi yamasa járiyma tobın taslaw sızıǵınan járiyma tobın (topların) taslaydı.

Eger oyınshınıńıń etken háreketi aqılǵa sıymaytuǵın dárejede bolsa, tóreshiler ayıplını oyınnan shetletiw (32-cifrlı belgi) jáne onı maydan orınlasqan aymaǵınan shıǵarıp jiberiw menen jazalanıwı kerek.

Texnikalıq fol ámelge asırılǵan waqıttan bir waqıttıń ózinde ısqıradı hám belgi (30 cifrlı) arqalı saat toqtatılıwın kórsetedi.

Toptı qaptal sızıq sırtınan oyınǵa kirgiziw kerek bolǵan oyınshı qaǵıyda buzılǵan, fol ámelge asırılǵan yamasa top maydan sırtına shıǵıp ketken orınǵa jaqın bolǵan qaptal sızıǵı sırtında turıwı kerek. Oyınshı onıń ıqtıyarına ótken waqıttan baslap bes sekund ishinde toptı basqa oyınshıǵa atıp beriwi, sekirtip uzatıwı yamasa jumalatıwı kerek.

Toptı maydanǵa uzatıw waqtında, hesh qaysı bir oyınshı denesiniń qanday da bir bólegi menen shegaralaytuǵın sızıq ústinde turıwǵa haqısı joq. Maydannıń qaptal sızıǵı sırtınan toptı oyınǵa kirgiziw ushın komandaǵa top berilip atırǵan waqtında, tóreshi toptı mudamı tikkeley oyınshınıńıń qolına beriwi yamasa toptı oyınshı erkine ótetuǵın orınǵa qoyıwı kerek. Oyınshı toptı tóreshi kórsetken orınnan oyınǵa kirgiziwi kerek.

**Jeke fol**-bul top oyında janlı yamasa jansız bolıwı yamasa bolmawına qaramastan, qarsılas penen dúgisip qalǵan oyınshıǵa berilgen fol bolıp tabıladı.

Oyınshı qolı, jelkeleri, sanları hám dizelerin qoyıp, ózin ádettegiden tısqarı jaǵdayda búgip, denesin qarsılastıń háreketleniwine ırkinish beriwi, dúgisiwi, ayaǵınan shalıwı, iyteriwi, ayaǵınan taslap qalıwı, jolin tósıwı hám de qanday bolsa da qopal taktika qollanıwı múmkin emes.

**Jol tosıw**. Bul jeke soqlıǵısıw bolıp, qarsılastıń háreket etiwine tosqınlıq etiwden ibarat.

**Soqlıǵısıw**. Bul top penen yamasa topsız qarsılas kókireginen iyterip jiberiw, yamasa háreketleniw arqalı etiletuǵın jeke soqlıǵısıw.

**Arttan izinen qalmaw**; jeke soqlıǵısıwǵa alıp keletuǵın bunday gúzetiw jeke fol bolıp esaplanadı. Tóreshiler bunday qaǵıyda buzılıwı túrine úlken itibar beriwi kerek. Qorǵalıp atırǵan oyınshı top penen oynawǵa umtılıp atırǵandaǵı ápiwayı hal toptı qadaǵalap atırǵan oyınshı menen soqlıǵısıw ámelge asırǵanlıǵın aqlamaydı.

**Qol menen tiyiw**: qorǵanıp atırǵan oyınshınıńıń izinen quwıw waqtındaǵı háreketleri.

Bunda qollar menen soqlıǵısıw ushın yamasa onıń háreket etiwine tosqınlıq etiw ushın, yamasa qorǵanıp atırǵan oyınshıǵa óz qarsılasın gúzetiwde jeńillik jaratıw ushın paydalanıladı (túsindirmege qarań).

Uslap qalıw; bul qarsılastıń erkin háreket etiwin shegaralap qoyatuǵın jeke soqlıǵısıw bolıp esaplanadı.

**Qoldan nadurıs paydalanıw**. Ol oyınshı top penen oynawǵa háreket etip atırıp, qol menen qarsılasqa tiyip turǵan waqtında boladı. Esaptan tısqarı: ele qarsılas top taslap turǵanında onıń alaqanı menen soqlıǵısqan waqıtta ol tosınnan bolıp esaplanadı.

**Iyterip jiberiw**; bul oyınshı qarsılasın qozǵaltqan yamasa qozǵaltıwǵa urınǵan waqıtta bolatuǵın jeke soqlıǵısıw bolıp tabıladı. Top taslap turǵan oyınshı menen arttan jaqınlasıp atırǵan qarsılastıń soqlıǵısıwı iyterip jiberiwiniń bir túri bolıp esaplanıwı múmkin.

**Tosıq qoyıw**. Bul toptı qadaǵalap atırǵan oyınshıǵa qálegen ornın iyelep alıwına irkinish beriwge urınıwı esaplanadı. Óz ara fol-bul eki qarsılas oyınshı bir waqıttıń ózinde bir-birine qarsı fol ámelge asırǵan jaǵday.

Óz ara fol bolǵan halda járiyma topları taslanbaydı, biraq ayıplı oyınshılardıń hár birine jeke fol jazılǵan bolıwı shárt. Eger bul waqıtta top maydannan sebetke túspegen bolsa, oyın jaqındaǵı sheńberde tartıslı toptı atıw menen dawam ettiriledi, lekin eger top sebetke túsken bolsa, ol halda top qaptal sızıq sırtınan oyınǵa kiritiliwi kerek.

Óz ara hám basqa fol bir waqttıń ózinde júz payda bolǵan waqıtta, follar jazılıp hám tiyisli jaza orınlanǵanınan keyin oyın óz ara fol bolmaǵan sıyaqlı dawam ettiriliwi kerek.

Arnawlı,bilqastan etilgen fol-bul, tóreshiniń pikirine qaraǵanda, oyınshı tárepinen top penen yamasa topsız háreketlenip atırǵan qarsılasqa salıstırǵanda qastan etilgen jeke fol bolıp esaplanadı. Bul etilgen hárekettiń saldamlılıǵı menen belgilenbeydi; bálki aldınnan oylanǵan yamasa mólsherlengen sıyaqlı kórinetuǵın soqlıǵısıw bolıp esaplanadı.

Bilqastan etiletuǵın follardı tákirarlaǵan oyınshı oyında qatnasıw huqıqınan juda etiliwi múmkin. Ayıplıǵa jeke fol jazılıwı kerek.

Eger top atıw procesinde turǵan oyınshıǵa qarsı fol berilse, bul waqıtta top sebetke túspegen bolsa, top qay jerden sebetke taslanǵanlıǵına qaray, eki yamasa úsh járiyma tobın taslaw belgileniwi shárt.

Oyınshı tóreshi kórsetpelerin mensinbewi yamasa sportshılarǵa tán bolmaǵan taktika qollanıwı múmkin emes. Mısalı:

a) tóreshilerge tiyiw yamasa húrmetsizlershe múnásibette bolıw;

b) shaqsiyatqa tiyetuǵın qılıq yamasa ım-ishara-belgilerdi isletiw;

c) qarsılastı mısqallaw yamasa onıń kózi aldında qolın silkitip, maydandı jaqsı kóre alıwına irkinish beriw;

d) toptıń oyınǵa tezlik penen kiritiliwine qarsılıq kórsetip, oyındı sozıw;

e) oyınshıǵa fol belgilengeninen keyin tóreshi oǵan qolın kóteriwdi usınıs etkende, tez qolın kótermew;

f) xatker hám úlken tóreshige xabar bermesten nomerdi ózgertiw;

j) xatkerge xabar bermesten almastırılıp atırǵan oyınshı retinde maydanǵa túsiw;

z) nahaq ústinlikke erisiw maqsetinde maydanǵa shıǵıw;

i) Oyınshınıń salmaǵın sheńber kótermeytuǵın dárejede onı taslap alıwı;

Texnikalıq follar oyındaǵı tánepis waqtında beriliwi múmkin. Oyındaǵı tánepis-bul oyın baslanıwınan aldıńǵı waqıt dáwiri, oyın arasındaǵı tánepis hám hár bir qosımsha dáwirden aldıńǵı tánepis bolıp tabıladı.

Eger oyınshıǵa yamasa rezervtegi oyınshıǵa fol belgilense, ol onıń atı-familiyası aldınnan jazıladı hám sazayı eki járiyma tobın taslaw bolıwı kerek.

Eger fol trener, trener járdemshisi yamasa komanda joldasına belgilengen bolsa, ol trener atı-familiyası aldınan jazıladı hám eki járiyma tobın taslaw belgileniwi menen jazalanadı. Eki járiyma tobın taslawǵa urınıw bolǵanınan keyin oyın oraylıq sheńber ishinde tartıslı toptı atıw menen dawam ettiriledi.

Eger bunday háreketler qaytarılsa, texnikalıq fol asıǵıslıq penen belgileniwi zárúr.

Járiyma topları taslanǵanınan keyin oyın oraylıq sheńberde tartıslı toptı atıw menen dawam ettiriledi.

Besew, yamasa jeke texnikalıq fol ámelge asırǵan tuwrıdan-tuwrı oyınnan shıǵıp ketiwi shárt.

Oyın yarımında komanda oyınshıları tórt, jeke hám texnikalıq follardı orınlaǵannan keyin, oyınshılardıń keyingi hámme folları, eger saldamlılaw jaza ornında bolmasa, bir hám bir qaǵıydasına kóre jazalanadı.

Oyın baslanıwınan aldın hám beretuǵın hámme follar oyınnıń birinshi yarımında payda bolǵan bolıp esaplanadı. Oyınnıń ekinshi yarımı baslanıwınan aldın tánepiste yamasa qosımsha dáwirler waqtında payda bolatuǵın hámme follar oyınnıń ekinshi yarımında payda bolǵan esaplanadı.

Járiyma tobın taslaw-bul hesh qanday qarsılıqsız, tikkeley járiyma tobın taslaw sızıǵı aldınan sebetke top atip, oyınshıǵa bir ochko alıw múmkinshiliginiń beriliwi bolıp tabıladı.

## REFERENCES

1. "Dene tárbiyası hám sport haqqında" ǵı Nızam. // Ózbekstannıń jańa nızamları. №23.- T.: Ádalat, 2001. 211-223 - b.
2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Ózbekstan Balalar sportın rawajlandırıw fondı iskerligin jetilistiriw is – ilajları haqqın" ǵı 29 -avgust 2004- jıl 3481 - sanlı Pármanı.
3. Ózbekstan Respublikasınıń "Tálim haqqında" ǵı Nızamı (1979, 29- avgust). "Turkiston" gazetası.
4. Ózbekstan Respublikası "Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması". "Bilim" gazetası, 1998, 1-aprel.

5. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Ózbekstanda dene tárbiyası hám sporttı jáne de rawajlandırıw is-ilajları haqqında" ǵı sheshimi, 29- may, 1999- jıl.
6. "Ózbekstan Balalar sportın rawajlandırıw fondı iskerligin shólkemlestiriw haqqında" ǵı ministrler Kabinetiniń 31- oktyabr 2002- jıl 374 - san Qararı.
7. Ayrapetyants L. R, Godik M. A. Sportıvnie igrı.-T.: Ibn Sino, 1991-160 c.
8. Backetbol: 100 uprajneniy i sovetov dlya yunıx igrokov: per s angl. Nik Sortel.- M.: AST : Astrel, 2005.- 237 c.
9. Jumaniyazov D.(2024) GREK RIM GURESINDE SHIDAMLILIQ HAM ONI RAWAJLANDIRIW METODLARI .Modern science and Research. 3(6)
10. DENE TÁRBIYASI SISTEMASINDA HÁR TÁREPLEME TÁLIM HÁM TÁRBIYA BERIW USILLARI Jumaniyazov Dawranbay Qaljanbaevich
11. Джанходжаев, Н. (2024). Проблемы и перспективы применения нейронных сетей в сфере образования. Confrencea, 10, 177-183.